# SOCIALLÍQ INFRASTRUKTURANÍŃ XALÍQ TURMÍS SAPASÍNDAĞÍ ÁHMIYETI

**Turdımambetov I.R.,**
*Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti professorı, g.i.d.*

**Oteuliev M.O.**
*Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti docenti w.a., g.i.f.d. (PhD)*

Turmıs sapası sociallıq geografiyanıń eń zárúrli túsiniklerinen birine aylanıp atır. Sońğı jıllarda kóplegen shet el mámleketlerde geograf alımlar xalıq turmıs sapasın úyreniwge bolğan qızığıwshılığı sezilerli dárejede ósken jáne bul boyınsha sociallıq geografiya páninde arnawlı bir teoriyalıq hám ámeliy tájiriybe arttırılğan [1, 2].

Turmıs sapasına tiyisli izertlewlerdi analiz etkende kóplegen keri teoriyalıq -stilistik qarawlarğa dus kelinedi. Bul jağday, álbette, xalıq turmıs sapası quramalı, kóp qırlı hám salıstırmalı kategoriya ekenliginen derek beredi [6, 7].

Bir qansha geograflar klimat hám basqa ekologiyalıq faktorlardıń xalıq jasaw sharayatı hám turmıs sapasına tásirin úyrengen [5, 8].

Sonıń menen birge, respublikamızda da xalıq turmıs sapası máselesine tikkeley yamasa tikkeley bolmağan baylanıslı bolğan ilimiy jumıslar baspadan shığarılğan [3, 4].

Zamanagóy sharayatta xalıq turmıs sapası kóp tárepten sociallıqlıq infrastruktura rawajlanğanlığı hám sapa kórsetkishleri menen tikkeley baylanıslı bolıp esaplanadı. Sol sebepli aymaqlar xalqınıń turmıs sapasın bahalaw processinde sociallıq infrastrukturağa tiyisli kriteryalarğa bólek itibar qaratıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstan Respublikası sharayatında aymaqlar xalıq turmıs sapasına úy-jay-kommunal sharayat, jol-transport infrastrukturası, baylanıs, medicina, mektepge shekem hámde ulıwma orta bilim beriw, xalıqqa xizmet kórsetiw sistemasınıń jağdayı úlken tásir kórsetedi. Izertlew sheńberinde xalıq turmıs sapasın bahalaw kriteryalarınıń sociallıq infrastrukturağa tiyisli kompleksine áyne joqarıda sanap ótilgen tarawlarğa tiyisli indikatorlar kiritiliwi maqsetke muwapıq bolıp esaplanadı. Ámeldegi statistikalıq mağlıwmatlardan kelip shığıp, Qaraqalpaqstan Respublikası jáne onıń aymaqları xalqınıń turmıs sapasın

sociallıq infrastruktura rawajlanǵanlıǵı tárepinen bahalaw ushın tómendegi 19 kórsetkish tańlap alındı:

1. 1 adamǵa tuwrı keletuǵın ortasha úy-jay fondı ($m^2$);

2. Paydalanıwǵa tapsırılǵan jańa úy-jaylardıń ulıwma maydanı (1000 adamǵa salıstırǵanda, $m^2$);

3. Tábiyiy gaz benen támiyinlengenligi (%);

4. Oraylasqan ishimlik suw tarmaqları menen támiyinlengenligi (%);

5. Remontqa mútáj bolmaǵan transformator podstanciyalarınıń úlesi (jámi sanına salıstırǵanda procentte);

6. Emlewxana orınların sanı (10 000 adamǵa salıstırǵanda);

7. Ambulatoriya-poliklinika mákemeleri quwatı (bir smenadaǵı qatnawalar sanı, 10 000 adamǵa salıstırǵanda);

8. Shıpakerler sanı (10 000 adamǵa salıstırǵanda);

9. Orta medicina xızmetkerleri sanı (10 000 adamǵa salıstırǵanda);

10. 3-6 jaslı balalardıń mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemleri menen qamtıwı (procent);

11. Mektepke shekem shekemgi bilimlendiriw shólkemleriniń ortasha sıyımlılıq koefficiyenti;

12. Mekteplerdiń ortasha sıyımlılıq koefficiyenti;

13. Joqarı maǵlıwmatlı oqıtıwshılardıń jámi mektep oqıtıwshıları quramındaǵı úlesi (%);

14. Joqarı hám birinshi taypalı oqıtıwshılardıń jámi mektep oqıtıwshıları quramındaǵı úlesi (%);

15. 11-klass pitkeriwshilerdiń joqarı tálim menen qamtıwı (%);

16. Ulıwmalıq paydalanılatuǵın telefon tarmaǵındaǵı telefon apparatları sanı (hár 100 adamǵa salıstırǵanda);

17. Internet tarmaǵına jalǵanǵan xojalıqlar úlesi (%);

18. Ulıwmalıq paydalanılatuǵın avtomobil jollarınıń jámi uzınlıǵında remontqa mútáj bolmaǵan avtomobil jollarınıń úlesi (%);

19. Xizmet kórsetiw shahapshalari menen támiyinleniw dárejesi (normasına salıstırǵanda procentte).

Xalıq turmıs sapasınıń sociallıq infrastruktura kriteryaların bahalawda Qaraqalpaqstan Respublikası statistika bas basqarması, Qaraqalpaqstan Respublikası Úy-jay kommunal xızmet kórsetiw ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilim ministrligi, Qaraqalpaqstan Respublikası Mektepke shekemgi bilimlendiriw ministirligi, Ózbekstan Respublikası Informaciya texnologiyaları hám kommunikatsiyaların rawajlandırıw ministrligi

Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarması, Qaraqalpaqstan Respublikası Den sawlıqtı saqlaw ministrligi maǵlıwmatlarınan paydalanıldı. Maǵlıwmatlar 2020-jıl juwmaqları boyınsha (2021-jıl 1-yanvar jaǵdayına kóre), bilimge tiyisli kórsetkishler bolsa 2021-2022-oqıw jılınıń bası jaǵdayına kóre alınǵan. Nókis qalası hámde awıl rayonlarınıń barlıq bahalaw kriteryaları boyınsha kórsetkishleri Qaraqalpaqstan Respublikasınıń ortasha sanına bólinip, tiyisli salıstırmalı koefficiyentler anıqlandı. Sociallıq infrastruktura rawajlanǵanlıǵına tiyisli kriteryalardıń tiykarǵı bólegi (19 dan 17 si) unamlı ózgeshelikke iye bolıp, olardıń muǵdarı qansha joqarı bolsa, aymaqtaǵı sociallıq infrastrukturanıń jaǵdayı sonsha unamlı bahalanadı.

Biraq, mektepke shekemgi bilim shólkemleri hámde mekteplerdiń ortasha sıyımlılıq koefficiyentleri unamsız ózgeshelikke iye bolǵanlıǵı sebepli usı kriteryalar boyınsha anıqlanǵan salıstırmalı koefficiyentleri ornına olardıń keri koefficiyentleri alındı.

Hámme kriteryalar boyınsha Nókis qalası hám awıl rayonları kesiminde salıstırmalı koefficiyentler hám ayırım joqarıda ayrıqsha atap ótilgen jaǵdaylarda olardıń keri koefficiyentleri anıqlanǵannan keyin, aymaqliq birlikler kesiminde 19 bahalaw kórsetkishiniń jıyındısı esaplap shıǵıldı. Bul muǵdarlıq kórsetkishten kelip shıǵıp aymaqlardıń reyting orınları belgilep alındı.

Hár bir kórsetkishtiń respublika boyınsha ortasha dárejesi 1,00 ge teńlestirilgenligi sebepli, aymaqlarǵa salıstırmalı qollanılǵan 19 bahalaw indikatorı boyınsha esaplap alınǵan salıstırmalı koefficiyentleri jıyındısı muǵdarları 19 sanı menen salıstırıldi. Jalpı kórsetkishi 18-20 aralıǵında bolǵan aymaqlarda sociallıq infrastruktura sapası orta dárejede, 18 den kem bolǵan aymaqlar – tómen dárejede, 20 dan joqarı bolǵan aymaqlar – joqarı dárejede bahalanıwına tiykar boldı.

Joqarı dárejede Nókis qalası (27,58), Xojeli (21,84), Nókis (21,22) hám Moynaq (20,05) rayonları, orta dárejede Qońırat (19,44), Taxtakópir (18,48), Shımbay (18,09) hám Qanlıkól (18,08) rayonları, tómen dárejede bolsa Kegeyli (17,69), Taxiyatas (17,49), Shomanay (17,07), Qoraózek (17,05), Beruniy (16,40), Ellikqala (15,68), Tórtkúl (14,63), Ámiwdarya (14,13) hám Bozataw (13,02) rayonları bahalandı. Sonday eken, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń ortasha dárejesi menen salıstırılǵanda, sociallıq infrstrukturanıń rawajlanǵanlıq dárejesi regiondaǵı aymaqlıq birliklerdiń yarımınan kóbisinde (17 den 9 da) tómen bolıp tabıladı. Sonıń menen birge, Nókis qalasınıń basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda sociallıq infrastrukturanıń rawajlanıw kórsetkishleri awıl rayonlarǵa salıstırǵanda bir qansha joqarı ekenligi anıqlandı.

**Ádebiyatlar**

1. Kurbanov Bekmetovich, Shukhrat and Orinbayevich, Medetbay Oteuliev. "Territorial Differences in Living Standards in Uzbekistan" Quaestiones Geographicae, vol.40, no.4, 2021, pp.63-70. https://doi.org/10.2478/quageo-2021-0038
2. Turdimambetov I.R., Oteuliev M.O., Urazbaeva S. Territorial classification of socio-economic indicators of the quality of life of the population in the region. Экономика и социум №10(113)-1 2023. 264-271 p.
3. Turdimambetov I. R., Uzaqbaev Q. K., Oteuliev M. O. TERRITORIAL FORMATION OF THE EDUCATION SYSTEM IN IMPROVING THE QUALITY OF LIFE OF THE POPULATION OF THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN //Экономика и социум. – 2020. – №. 12 (79). – С. 276-279.
4. Turdimambetov I. R., Uzaqbaev Q. K., Niyazimbetova G. CURRENT STATUS OF MEDICAL SERVICES IN THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN //Science and education in Karakalpakstan.–2020. – 2020. – Т. 2. – С. 104-108.
5. Бекбулатова Г.А., and Авезова Н.. "РЕГИОНАЛЬНЫЕ АСПЕКТЫ ОРГАНИЗАЦИИ РАЗВИТИЯ И РАЗМЕЩЕНИЯ СФЕР ТОРГОВОГО ОБСЛУЖИВАНИЯ" Экономика и социум, no. 12-1 (103), 2022, pp. 461-464.
6. Бекбулатова Г.А., and Жолымбетов Б.. "ПУТИ И ВОЗМОЖНОСТИ РАЗВИТИЯ ТУРИЗМА В КАРАКАЛПАКСТАНЕ" Экономика и социум, no. 12 (115)-1, 2023, pp. 969-972. doi:10.5281/zenodo.10439765
7. Ешимбетов У., Наурузбаева Г., and Дальжанов К.. "МЕТОДИЧЕСКИЕ ВОПРОСЫ АНАЛИЗА И ПРОГНОЗИРОВАНИЯ ИНДУСТРИАЛЬНОГО РАЗВИТИЯ РЕГИОНА С УЧЕТОМ РАЦИОНАЛЬНОГО ИСПОЛЬЗОВАНИЯ МИНЕРАЛЬНЫХ РЕСУРСОВ" Экономика и социум, no. 12 (79), 2020, pp. 532-540.
8. Ходжаева Г.А., Умаров Е.К., Алланазаров К.Ж. Демографические факторы территориальной организации производства в районах Южного Приаралья.// Актуальные проблемы современной науки, N 4, - М., 2003. с. 151-153
9. Ходжаева Г.А., Умаров Е.К., Турсынов М. Основные направления социально-экономического развития Республики Каракалпакстан// Известия Географического общество, 23-том, Т. 2003. С. 184-187.
10. Хожамуратова Р.Т., Тлеуов Н.Р., Далжанов К.О., Турсынов М. ПРОБЛЕМЫ ОБЕСПЕЧЕНИЯ НАСЕЛЕНИЯ ЮЖНОГО ПРИАРАЛЬЯ БЕЗОПАСНОЙ ПИТЬЕВОЙ ВОДОЙ // Экономика и социум. 2022. №11-1 (102). URL: https://cyberleninka.ru/article/n/problemy-obespecheniya-naseleniya-yuzhnogo-priaralya-bezopasnoy-pitievoy-vodoy (дата обращения: 20.04.2024).